Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 6 (7302)
9 февраль 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

18 март - РФялъул Президент вищулеб къо

## Рищиязда хурхараб зоналияб данделъи



6 февралалда «Унсоколо район» МОялда тIобитIана МугIрузул территориалияб округалъул вакилзабазул Россиялъул Президент вищиялде буссараб зоналияб данделъи. Совещаниялда гIахьаллъана РДялъул БетIерасул кумекчи, округалъул АТКялъул вакил С. Сайпов, РДялъул Рищиязул Комиссиялъул секретарь Х. Халидов, РДялъул хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул Советалъул аппараталъул отделалъул нач. Д. Унчиев, РДялъул МугIрузул территориалияб округалъул вакиласул зам. М. Дилиев, «Унсоколо район» МОялъул хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ зам. М. ХIамзатов, МугIрузул районазул округазул ТИКазул председателал.

Данделъи бачарав Д. Гьаруновичас бихьизабуна бакIазда рищиял тIоритIулаго хIинкъи гьечIолъи букIинабиялде кIвар кьей бищунго кIвар бугеблъун кколин. «Жакъа нилъеда цебе чIун бугеб масъала ккола цIикIкIараб къадаралда рищиязда гIадамал гIахьал гьари, гьез жидерго гражданлъиялъулаб хIаракатчилъи бихьизаби, качественниял рищиял тIоритIи. БичIчIи кьеялъулаб хIалтIи тIобитIизе ккола тIолабго хIаракат кьун»,-ян абуна гьес.

Рищиязда хурхун комиссиялда цере чIарал аслиял суалазул бицана Х. Халидовас. Гьев хъатIана рищиязул техническияб рахъалда, цифровияб оборудование, видеонаблюдение букIине ккеялда, информационниял ресурсазда хIинкъи гьечIолъи букIиналда. Гьединго бицана инвалидазе санагIалъаби рукIинариялъул киналго шартIал чIезариялъул.

«Аслияб куцалда хIинкъи гьечIолъи букIинаби бараб буго рищиял тIоритIулеб минаялда – рищиязул комиссиял цIуниялда. Жакъа кинабниги 699 рищиязул участка буго округалда. Гьезул бугеб площадь данде ккезе ккола нормативиял тIалабазда, ай цIа ккеялдаса цIуниялъул тIалабал тIуразаризе ккола, рищиязул участкаби хьезарун рукIине ккола энергия чIезабиялъе генератораздалъун, нагагь ток къотIани гьеб чIезабизе. Бокьараб жо ккезе бегьула»,-ян бихьизабуна Х. Халидовас.

Хадур гIенеккана рищиязда хурхарал кIалъаязухъ, кьуна предложениял.

Нахъеги кIалъазе вахъарав С. Сайповас бихьизабуна бищунго кIвар кьезе кколеб рахъ рищиязул бугин экстремистлъиялъулал ишал загьирлъунгутIи, гIолилазда гьоркьоб гьеб рахъалъ бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьаби, кинабго рахъалъ цIодорлъи гьаби. «Росабазул бутIруз кIвар буссинабизе ккола киналго росабалъ гIумро гьабулел гIадамазде. Республика тун къватIире арал, рачIарал хIисабалде росун гьезда хадуб хъаравуллъи букIинабизе ккола. ГIадамазулгун гьабизе ккола цоцада бухьараб хIалтIи росдал имамал, общественность гIахьаллъун.

Кинабго рахъалде кIвар кьезе ккола школазул директораз, полициялъул участковияз. Гьелъ гIемераб квешлъиялдаса цIунула.

Совещание ана жигаралда суал гьоркьоб лъун, кинабго рахъалъ хIадурлъиялде кIварги кьун.

## ЦIияб Правительство



**Дагъистаналъул БетIерасул ишал тIуралев В Васильевас 5 февралалда гIодоб чIезабуна республикаялъул Правительство. Гьеб гIуцIизе ккола I4 къойида жаниб. Регионалияб Правительствалъул цIияв премьер-министрлъун 7 февралалда тIамуна Артем Здунов. Цеве гьев вукIана Татарстаналъул экономикаялъул министрлъун. Гьесул тIоцевесев замлъун тIамуна Анатолий Карибов. Ва регионалъул бетIерасул ишал тIурале сул Указалда рекъон Правительст валъул Председателасул цой ги замлъун тIамуна Уммупазиль ГIумарова. Гьал кандидатураби тасдикъ гьаруна регионалъул парламенталда.**

Артем Алексеевич Здунов гьавуна I978 соналъул I8 маялда Татарстаналъул Казан шагьаралда.

2000 соналда лъугIана Казаналъул финансовиябгун экономикияб институт, 2004 соналда лъугIана аспирантура, ккола экономикиял гIелмабазул кандидат.

I996-I998 соназда вукIана студентазул профкомалъул председательлъун.

2000-200I соназда вукIана «промышленностная страховая компания» Рагьараб акционернияб страховияб компаниялъул аудиторлъун.

2004-2006 соназда вукIана Казаналъул финансовиябгун экономикияб институталъул преподавательлъун.

2006-20I0 соназда хIалтIана Татарстан республикаялъул экономическиял цIехрехазул преспективиябгун гIелмияб Централда директорасул замлъун. Гьелдаса хадув 20I4 соналда щвезегIан хIалтIана Татарстан республикаялъул экономикаялъул министрлъун.

Здуновасул руго федералиялгун регионалиял ва ведомственниял шапакъа тал. Татарстан республикаялъул гIелмияб Академиялъул конкурсалда бергьана «Ученый 2099 года»,-абураб цIаралъе.

Артем Здуновасул буго хъизан ва кIиго лъимер.

## ТIаде къабул гьаруна



5 февралалда райадминистрациялда букIана иргадулаб гуреб гIадамал тIаде къабул гьари. Гьел тIаде къабул гьаруна «Единая Россия» ВППялъул фракциядасан РДялъул Халкъияб Собраниялде депутат М. МухIамадовас. ГIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасги.

ТIаде къабул гьареян рачIун рукIана Рихьуни, Майданское, Унсоколо росабалъа ва Шамильхъала поселокалдаса гIадамал. БатIи-батIиял хасиятазул рукIана гIадамазул гIарзал. Масала, М. МухIамадовалъ гьарана хIалтIуда лъеян, гьединабго гьаригун ячIана М. МухIамадова ва М. АсхIабова, М. ХIабибов вачIана лъелъ гъанкъарал ракьазухъ компенсация кьеялъул суалгун.

Киназухъго гIенеккана, бицана бугеб ахIвал-хIал, кIвар кьечIого цонигияв хутIичIо.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 6 (7302)*

*9 февраль 2018 сон*



**ГьабсагIаталда Дагъистаналъул цо-цо идарабазда унел руго къуваталъулаз чIухь бай. Гьал къоязда гьел рачIана судалъул приставазул федералияб хъулухъалъул управлениялде (ФССП). Аслияб къагIидаялда гьез управлениялдаса тIалаб гьарулел руго хасал документал. Гьездасан хал гьабизе буго закон цIуни кин унеб бугебали.**



# В. Путиние гьаракь кьезин

Рищиял тIоритIи, хасго Россиялъул Президент вищи кIудияб къадруялъул ва ишалъул лъугьа-бахъин ккола. Телевидениялдасан бахIсал гьарулаго нилъеда бихьула жив-жив чиясул пикру, гьесул ВатIаналдехун бугеб бербалагьи. Цоял лъугьуна ВатIаналде гьегъ базе, цоял хIукумат какизе, цоял Путиниде гIайиб гьабизе. Хасго демократалилан ругел ахIдола Украина, Сирия нилъее щай, бугебщинаб рес рехулеб бугин яргъил къуватазде. ГIадамалги ресукъ тун бегьилищ яргъиде руссине,-ян. Гьедин гаргадула жидеда щибго гьабун бажаруларел, гIадамазул ургъел бугин ккезабулел. Бугеб ахIвал-хIалалъе къимат кьезе ккани нилъеца данде кквезе ккола чиясул бицунебги гьабулебги иш данде ккколищали. Лъазе ккола гьев щивали, гьесул гIамал-хасият, гьесул хьвада-чIвади. Президентлъун вищулев чи вукIине ккола улкаялъул жанисебги къватIисебги ахIвал-хIал мухIканго лъалев, къватIисел пачалихъазе чIванкъотIун жаваб кьун бажарулев, гIадатиял гIадамалги ричIчIулев, гьезул тIалабазухъги гIенеккулев, гьезда живги вичIчIулев, ритIухъав, ракI бацIцIадав. Дида гьединавлъун вихьула В. Путин. Хасго Путиние хасиятаб буго гIун бачIунеб гIелалдехун мугъчIвай гьаби, гьединго чIахIиязул адаб-хIурмат гьаби. РакIалде ккола гьесул цо минутги цо бакIалда чIараб батиларин. Россиялъул щиб бакIалда къварилъи кканиги гьев гьеб бакIалде щола. КъватIисел улкабаздеги щиб балагь кканиги тIоцеве гьев вортула, гьезул къварилъи гIахьал гьабизе. РакIалде ккола гьал алигархалги, гьал цIогьалги улкаялда рукIинчIелани, некIого нилъ дунялалда бищунго рес бугел, бечедал гIадамал рукIинаанилан. Путин гIадал цо анцIго чи улкаялда рукIаралани Россия кинабго рахъалъ тIегьалаан.

Хьул буго гьанжесел рищиязде рачIунаго, хасго Президентасда цIар чIвалаго районалъул гIадамаз В. Путиние гьаракь кьелилан.

Аллагьас къуват кьеги щивасе лъикIаздаса лъикIав тIаса вищун улкаялъе пайдаяб кандидатураялда цIар чIвазе.

**С. МУХIАМАДОВ.**

Спорт

# Иргадулал бергьенлъаби



Иргадулал бергьенлъабигун гьаб нухалдаги нилъ рохизару на квержубан рагъулъ Дагъистаналъул чемпионаталъул къецазда ГIалиев ХIамзатица ва ГIабдурахIманов Исламица. Къецал унел рукIана 27 январалда МахIачхъалаялда. Гьенир хIалуцарал къецазда тIад калам гьечIел бергьенлъаби росана гьез.

КIиявго спортсмен ругьунлъулел руго Зураб ГIалиевасул нухмалъиялда «Адаб» абулеб спортивияб клубалда. Унсоколо № I школалъул цIалдохъан ГIабдурахIманов Исламил рагIабазда рекъон, гIемер рукIана гьезда данде къуват бугел спортсменал, бигьаго букIинчIо гьединазда данде бергьине. Дица гьабуна лъабго рагъ, бергьана 43 кг. цIайиялда. Гьанже ракIалда буго битI ккани Россиялда СКФО чемпионаталда гIахьаллъизе.

Гьединго ХI. ГIалиевас рагъ гьабуна 50 кг. цIайиялъул категориялда. Гьевги хIадурлъулев вуго тIадегIанал чемпионатазда цеве вахьине. Гьарула васазе спорталъуль ва гIумроялъуль битIккей!

Тарих

# Имам Шамиль ракIалде щвезавуна



4 февралалда МахIачхъалаялда Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библотекаялда букIана Севернияб Кавказалъул халкъазул миллиябгун эркен гьариялъул багъа-бачариялъул цевехъан, имам Шамиль хваралдаса I47 сон тIубаялде буссараб ракIалде щвеялъул дандеруссин. Гьенир гIахьаллъана пачалихъияб властаялъул вакилзаби, общественниял организациял, гIелмиял интеллигенциял, рухIиял, гIолилазулал организациял, имам Шамилил ВатIаналдасан - Унсоколо районалдаса гьелъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь делегация, Шамиль районалдаса вакилзаби.

Тадбир бачана ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб ДНЦ РАНалъул МацIазул ва Минкультураялъул институталъул гIелмияв хIалтIухъан, филологиял гIелмабазул доктор М. Ибрагьимовас. Байбихьана КъурЪаналдаса аятал махражалда цIа-лиялдалъун, хадуб Кав-казалъул имаматалъул тарихалъул хIакъалъулъ доклад гьабуна тарихиял гIелмабазул кандидат, гьебго Институталъул востоко-ведение отделалъул зав. Р. ГIабдулмажидовас.




РДялъул Общественнияб Палатаялъул член Д. Халидовас бихьизабуна: «ГIицIго полководец вукIин-чIо имам Шамиль, гьев вукIана кутакав гIакьил, цевеТIурав гIалимчи гуревги бицун бажаруларев дипломат ва пачалихъияв хIаракатчи. Гьединавлъун къабул гьавуна гьев император Александр II. Гьес щивго лъечIо Шамилидаса тIадегIанлъуда, императорасе гьев вукIана тIадегIанав, тIолабго Европаялда ва тIолабго БакътIерхьуда цIар рагIарав личностлъун. ГIицIго Кавказалда гуребги Россиялъул империялдаго кIвар бугеб тарих тана гьес нахъе. Гьединлъидалин ГIусманиязул Империялъ имам Шамиль бищунго къиматав кавказалъулав гIадин къабул гьавурав.

Дагъистаналъул бетIерасул ишал тIуралесул гIакълучи Камиль Ландал тема бухьараб букIа на имам асир гьавиялда. Гьеб бичIчIизабулаго гьес гIалимлъиялъе нугIлъиялъе босана имамасул секретарасул свидетельство, гьениб рагьана рагъулал ишал къотIизе теялъе гIиллаби. МухIамадтIагьир аль Къарахъияс хъвалеб буго: «Гъунибги ахирисел сагIтазда Шамиль щолев вукIана щивав мюридасухъе батIа-батIаго ва гьарулеб букIана шагьидал гIадин ахирисеб хIухьел цIазегIан рагъизе. Амма киназго гьелдаса инкар гьабуна, гIакълу кьуна гIурусазухъ гIенеккизе, гьелгун ракълилаб гара-чIвариялде ва къотIиялде ун дандчIвазе. Пачаясул аскаразухъе индал гьесда бихьана гьел яргъидалъун хьезарун ругеб куц, гьевгун цадахъ вукIарав ЧIикIаса гьесул мюрид Юнусица бицунеб буго Шамиль асир гьавиялъул хIакъалъулъ, кIиябго рахъалъ биял гIодоре тIей лъугIизе теялъе гьев хIурматияб къагIидаялъ кIодо гьавунин. Цойги асирасе рес кьоларо дандиясе кинал рукIаниги шартIал лъезе, имамас абуни пачаясда цебе шартI лъуна ракълиде рачIун хадур кинал рукIаниги рагъал къотIизаризе».

Дандельаразда цере кIалъана ДГУялъул профессор ХI-М. Доногъо, нилъер районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, Шамиль районалъул бетIер М. ХIасанов, тарихалъул учитель А. Ахъбердинов. Гьенибго гендерил лъималаз бихьизабуна АхIулгохIда гъоркьлъалие Жамалудин кьолаго рукIарал лахIзатаздасан сценка.

Ахиралда «АхIулгохI» ДРООялъул нухмалъулев Гъ. ГIабдулаевас баркала загьир гьабуна нилъер ракьцоясул гьабураб адаб-хIурматалъухъ тадбир гIуцIаразе, кьуна баркалаялъул кагътал.

РакIалде щвеялъул тадбир лъугIана Унсоколо районалъул имамасул зам. ХI. ГIисаевас дугIа гьабиялдалъун.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 6 (7302)*
*Рузман*
*9 февраль 2018 сон*



**Садовод**

Страница в номере




# Мудрая наставница – Айшат



Учитель русского языка и литературы, учитель высшей категории, педагог с многолетним стажем, Почетный работник РФ, ветеран труда, мудрый наставник- учитель, поклонница творчества русских классиков, поэт и просто патриот своей страны. Это все -Айшат Карагишева – учитель Ирганайской СОШ Унцукульского района.

Айшат- большая и самая преданная поклонница русского языка и литературы. Как признается она сама, на сочинения стихов ее вдохновило творчество А. С. Пушкина, А. А. Фета, А. Н. Толстого. Еще с самого раннего детства у нее возник интерес к русской литературе. И будучи очарованной произведениями русских классиков, она и начала писать. Ее стихи даже печатались в таких газетах как «Садовод», «Учитель Дагестана», «Истина» и других печатных изданиях.

В 1975 году окончив школу, она поступила на русское отделение филологического факультета Дагестанского государственного университета. По окончании учебы устроилась на работу по специальности. И вот уже 39-й год работает учителем.

За годы преподавания она вовлекла в удивительный мир творчества русской литературы не один десяток своих учеников и даже коллег.

Любовь и привязанность Айшат к русскому языку стал примером всем - и коллегам и ученикам.

«Всегда с Россией, с русским народом. Для меня русский язык являетесь родным, любимым, нужным»- девиз Айшат Ахмедовны, девиз с которым она вот уже около 40 лет преподает свой предмет. Кроме того, является ярким примером любви к России для нынешнего и будущего поколения.

Все ее ученики с большой благодарностью вспоминают ее уроки и бесконечно благодарят ее за то, что она когда-то посредством своих уроков привила любовь к русскому языку.

Ее ученики на уроках и дополнительных занятиях всегда глубоко вовлекались в произведения русских классиков, тем самым вырабатывалась высокая мотивация учащихся к этому предмету.

А ведь открывая ребенку мир, учитель учит его жить в этом мире.

А множество ее грамот и других наград доказывают высокое качество преподавания.

Именно такие люди - внимательные, чуткие, терпеливые, способные объяснить как детям, так и родителям тот или иной вопрос, касающийся учебы, да и просто любой жизненной ситуации, должны работать в школе. От первой ступени обучения зависят будущие успехи наших детей, поэтому можно не сомневаться, что именно такие преподаватели как Айшат Карагишева закладывают тот самый надежный фундамент, необходимый для становления личности, готовой жить, учиться и работать в столь сложном современном мире, а главное любить то, что тебя окружает.

А ее стихами вдохновляются и гордятся и ее коллеги и ее ученики. Как когда-то Айшат Ахмедовна была очарована литературой - сама стала писать и отдала большую часть своей жизни тому, что учила любить и уважать русский язык и его литературу. Так и сейчас ее ученики очарованы ее творчеством. И неспроста. Ознакомившись с ее произведениями каждый из нас, уверенно можно сказать, будет также очарован. Предлагаем и вам очароваться.

### Я сердце и мысли тебе отдала.

Я сердце и мысли тебе отдала
Любимая школа, все 36 лет!
И радость, и счастье ты мне принесла,
Родимая школа, как солнечный свет.

Улыбка на лицах забавных детей
Надеждой огромной была для меня.
Рассказы и сценки, ответы друзей –
Мечтою прелестной казались всегда.

Мне звезды ночные сверкали ясней,
Как будто живу в их мире одна.
Не слышала рядом я шепот ночной,
И говор все реже ко мне подходил…

Романтик в душе я и в живу, ну что ж?
Да. Разве все плохо? Ответьте хоть раз.
Мой путь очищает душевный сверчок,
А разве все плохо? Мне кажется - нет!

# Не позволяй себе лениться

Если человек бодр и весел, предпочитает проводить досуг не в кресле перед телевизором, а в движении, он никогда не потеряет интереса к жизни. А вот ленивые, задумчивые, нерешительные, нервные люди, склонные к самокопанию, наверняка станут жертвой. И вот почему. Мозг таких людей отсекает от себя новые эмоции и информацию, замыкаясь на себе. Но, как известно, любой орган без тренировки со временем слабеет. Это относится и к клеткам головного мозга.

Разумеется, переделать свой характер и превратиться из ленивого человека в бодрого нелегко! Но придется, если не хотите деградировать.

**Что для этого требуется:**

1. Не замыкайтесь в своей скорлупе. Старайтесь чаще общаться с людьми. А если уж вам совсем невмоготу куда-то ходить (здоровье не позволяет или «ну очень, очень лень»), хотя бы смотрите телевизор, читайте книги. Причем отдавайте предпочтение не любовным романам и слезливым сериалам, а приключениям и детективам

2. Загружайте мозг. Лучшее средство для этого (если вы, конечно, не работаете) — кроссворды. Это отличный способ для развития гибкости ума. Не любите кроссворды, учите стихи, молитвы, сами заполняйте квитанции на оплату квартиры — там много умножать, складывать приходится.

3. Врачи нейрологи установили прямую зависимость между мелкой моторикой рук и работой головного мозга. Поэтому займитесь вышиванием, вяжите носки. А тем, кто не дружит с шитьем, надо приобрести четки. Только не каменные, а деревянные, шершавые. Кстати, их можно сделать самому из засушенных ягод шиповника или желудей.

4. Даже если вы не любите свою работу, старайтесь выполнять ее как можно лучше, а не по принципу «лишь бы отвязались». А неработающим пенсионерам, которые полностью находятся под опекой детей и внуков, надо взять на себя какую-нибудь обязанность: мыть посуду, покупать хлеб, – то, что им по силам.

**Рекомендуем также принимать отвары и настойки, содержащие кремний.**

* Залейте 2 ст. ложки сухой измельченной травы хвоща полевого 500 мл кипятка, настаивайте в термосе 1–2 часа, затем процедите и принимайте по 1/2 стакана 2–3 раза в день за полчаса до еды.

* Кремния много в пшеничных отрубях, белокочанной и цветной капусте, кукурузе, огурцах, тыкве, томатах, куриных яйцах. Раз в неделю варите и съедайте.

*1–2 любых корнеплода – репу, свеклу. Но только вместе с кожурой и хорошо бы с ботвой — там «умственного микроэлемента» больше всего!

# Субботник? Не забываем об охране труда!

Согласно п. 2.1.7 Порядка обучения по охране труда и проверки знаний требований охраны труда работников организаций, утвержденного постановлением Минтруда России, Минобразования России от 13.01.2003 N 1/29, целевой инструктаж проводится при выполнении разовых работ, а также при проведении в организации массовых мероприятий.

При этом не имеет значения, в рабочее или во внерабочее время проводятся эти работы или мероприятия. Соответственно, при проведении субботника и в рабочее время, и во внерабочее время проводить с работниками целевой инструктаж по охране труда необходимо во исполнение требований п. 2.1.7 Порядка обучения по охране труда и проверки знаний требований охраны труда работников организаций, утвержденного постановлением Минтруда России, Минобразования России от 13.01.2003 N 1/29.

В Порядке не указано, в каком месте и когда (непосредственно на месте проведения мероприятия или в офисе перед выездом) необходимо проводить целевой инструктаж. Важно выполнить требования проведения целевого инструктажа, изложенные в Порядке, и до начала мероприятия задокументировать время его проведения.

Целевой инструктаж проводит руководитель или лица, ответственные за проведение субботника. Он включает в себя ознакомление сотрудников/участников с требованиями охраны труда во время субботника, соблюдением порядка и других организационных требований, направленных на сохранение жизни и здоровья. Проведение инструктажа регистрируется в соответствующем журнале с указанием подписи инструктируемого работника и подписи инструктирующего лица, а также даты проведения инструктажа.

**М. МАГОМЕДАЛИЕВ.**
**Вед. специалист ДТУ РД ЦЗН по Унцукульскому району**

## ГIадамазул баркала

Унсоколо росулъ бищун борхалъуда бугеб нижер авалалда кидаго лъел рахъалъ кваризи букIана, хасго хасало лъим гIемер цIоролаан. Авалалъул гIадамазул мурадалги цIунун, ТIагьирица лъел хIалтIи гьабизе тIаде босарабго, кьучIдасанго хисана ахIвал-хIал.

Абула, гьабизе бокьарасда нух батулин, бокьичIесда багьана батулин. ТIагьир ккола махщел камилав устар гуревги, гьесул гьунар буго гIадамазда гьоркьоб хIалтIи гьабизеги, гьезухъ кIвар кьун гIенеккизеги, кваригIел тIубазеги. Авалалъул гIадамазул мурадалги цIунун, гьес хIалтIи тIаде босарабго, цадахъ авалалъул гIадамазул кумекалдалъун, цIидасан хIавуз бугеб бакIалдаса бахъараб цIиял рогIрherги лъун, авалалъе лъим бачана.

КIудияб баркала буго гьеб захIматалъулъ бутIа лъунщиназе. ТIадегIанас кирилъун хьваги авалалъе гьабураб кумек. Хъизан-рукъалдаса рохун хутIаги, ракIалда ругел мурадал тIурайги, кьеги щулияб сахлъиги хIисабалде босанщинаб гIумроялде бахъинабизе! Кьеги нужее ва гIага-божаразе талихI, гьабулебщиналъулъ битIккей, гIемерал саназулаб сахаб гIумро!

**«ЦIудул гохI» авалалъул гIадамал**

*Дозул доба*

## ТIохда гьабураб ах



Киса-кирего кIудияб хехлъиялда гIолел руго шагьарал, росаби, гьенир бакIал раял гIемерго цIикIкIунел руго. Гьелъ кир гьарилелали лъалеб хIал гьечIо лъималазул ах ва гIолилазе хIалхьиялъе гIурччинлъи бугел бакIал. Гьеби хIисабалде босун Вьетнамалъул архитектораз битIахъе тIохда гьабун буго битIизабун кьотIараб хер ва хъархъал (газон) ругеб гьайбатаб ясли-ахалъе гIурччинаб ах. Гьелъул битIараб тIох сверун буго берцинаб ахалде. Рес буго гьениб бокьараб жо бекьизе гуребги бахчабазул культураби, рохьил гьутIби гIезаризецин ***(сураталда).***

## Ца-кIал битIизабизе

ГIизраилалъул стоматологаз бахъун буго кIичIараб ца-кIал битIизабулеб устройство. Гьеб бан тола къаси ва гьавадул тIадецуялъ ритIизарула цебегIан цун бачIараб ца-кIал. Сах гьариялъул тIубараб курс ккола 4 моцIалдаса лъагIелгун бащадалде щвезегIан.

## Якьадазе туснахъ

Индиялда буго дунялалда тIадго тIоцебесеб якьад-эбелазе туснахъ. Хасаб статистикаялда рекъон 7 азарго индиязул яс щибаб соналъго къурбаналлъун ккола якьадалъ, нусалъул калым тIалаб гьабиялда хурхун. Цо-цо мехалъ якьадалъ гьел рухула хвезегIан, гьезул хъизанazда калымалъе кьезе гIарац балагьизе бажаричIони.

Ахириял соназда якьад-эбелал - бандитазде данде рахъунел руго гьанже нусал.

# ЦIияб тIехь

БатIи-батIиял соназда басмаялда рахъана МухIамаднаби Ибрагьимовас тарихиял лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ магIарулги гIурусги мацIазда хъварал «Шамиль имам», «Генуб (тарихалъул нугIзал)», «Балахъуниса Муса», «ЦIахъахIил», «Шайих Ражабилав ГIабдулхIажи», «АхIулгохIда ахирисеб хоб» ва цогидалги тIахьал. Ахирисеб тIехьалда цадахъго, гIурус мацIалда басмаялда бахъулеб буго гьесул «Унсоколоса ЖабрагIил-хIажи ва шайих Шамилил пачалихъалда артеллерия гIуцIиялъул тарих»,- абураб тIехьги. Гьал къоязда кьватIибе бачIана гьесул «Цевехъан» абураб тIехь. Гьелда бицен гьабулеб буго ДагъистаналЪул чабхъадулазда гьоркьов бищунго ахиралда вукIарав, цIар рагIарав бол цевехъан Унсоколоса ГIусманил НурмухIамадил гIумроялъул ва ишазул хIакъалъулъ. Гьев цевехъанасул мисалалда рагьулеб буго XVII гIасруялъул ахиралда ва XIX гIасруялъул авалалда магIарул чабхъадулаз Кавказалъул гIумроялъулъ, рагьулал ва жамгIиял сиясатиял ишазулъ кколеб букIараб бакIалъул хIакъикъат, бицунеб буго магIарулазул анцI-анцI соназ хадуб бахъараб хIакъалъулъ рагьунал ахирисеб бутIаялъул. Гьединго бицунеб буго ханзабазул багьа-бачариялъулъ НурмухIамадил хIаракаталъул хIакъалъулъ.

ТIехь бихьизабураб буго магIарул мацIалда цIализе бокьулезе. Гьелдаса пайда босизе бегьула магIарулазул тарихги адабиятги бокьулез ва чабхъадулазда хурхарал суалазда тIад хIалтIулез.

*Динияб темаялда*

# Аллагьасе бищунго щив вокьулев?

ГIадамаз гьикъула: щай лъикIав чи гIемерисеб мехалда кварилъи захIмалъиялда вукIунев, щай хIалихьат яги чIвадарухъан виччан тун вукIунев?,-абун. Гьелъие гьадинаб жаваб буго ТIадегIанасул.

Киналго жидерго гIакълуялдалъун ва къуватаалдалъун хьвадула гIадамал. Аллагьас гьел риччан тола живго ракIалде щвезегIан. ХIалкIолев гIедегIуларо бачIинахъего гьесие гIадлу гьабизе. Къосун ккарав кантIизегIан виччан тун вукIуна.

**- Жидерго мунагьазе гIоло кида рецIел щолеб чиясухъе – гIумроялда жанибищ яги доб дунялалдайищ?**

-ЦIикIкIарасеб къадар гIадамазул жидеца гIемерал мунагьал гьарурал яги дагь гьарурак, кида-къадги гьелъухъ тамихI щвечIого хутIуларо. Жиндирго мунагьал чуриялъе щибниги гьабичIого доб дунялалде ани, даимаб гIазабалъ хутIизеги бегьула. Кида- къадги гьабуралъухъ дунялалда яги ахираталда гIазаб камуларо. КигIанисеб бакIлъиялъул гIайиб дуде ккун батаниги гьедигIанисеб къадаралъулго букIуна Аллагьасул рецIелги.

**-Щай ТIадегIанас цо-цоязда бачIинахъего бецIулеб гьадингоял мунагьалгицин, цогидазул рецIел нахъ тIамун толеб?**

-БачIинахъего рецIел щолеб букIарабани киназго ракьалда тIад мунагь, кинаб букIаниги квешлъи гьабиларoан. Лъие бокьулеб квешлъаби гьаризе гьебсагIатго дуда тIаде «кирпич» бортулеблъи лъани? Цоясе квешлъи гьабуна, гьебсагIатго дуде цо балагь бачIана, хIалтIухъанасде ахIдана – астмаялъул приступалъ мун гIодов лъуна… Аллагьасин абуни щивасе рес кьолеб буго тамихIги нахъ бахъун, цIакъго цIикIкIараб захIматги тIаде биччачIого дагь-дагькkун, бутIа-бутIаккун биччалеб буго дуде гьеб. Хал гьабулеб буго гьелъ мун кантIулев вугищали.

КигIанисеб къадаралъ Аллагьасда цебе дур намус бацIцIадго букIиналда гIемераб жо бараб букIунеб буго. Къуръаналда гIадада гуро абулеб бугеб «Аллагьас бищунго жиндие вокьулесда цIикIкIун бецIулин, гьединасда къабулин». КигIаналъ ракI бацIцIадго бугониги гьесие цIикIкIун щолеб буго гIиси-бикьинаб рецIел. Мун лъилъ вукIаниги вагьани, заманго иналде дур хIетIе кIиркьани, гьеб гIемер квеш гьечIо. Мун Аллагьасул ва гьесул малаикзабазул балагьиялда гьоркь вуго, дуда хадуб хал ккун буго ва дуе ургъизе заман кьун буго.

ГIайиб гьечIого мун цогидас кварид гьавуни, хехго гьесде тамихI бачIиналъулъ валагьун чIезе кколаро. Аллагьасе бокьун батиларо гьесие лъугьараль мун вохизе. ТIаса лъугьа мун квешлъи гьабурасда. ГIемер бихьана кигIан къадаралъ квешлъи чияс гьабуниги гьедигIан къадаралъ квешлъи гьабурасе тамихI гьабун. ГIемерал гIадамазе кварилъи гьабуралин абуни рукIуна тIаде тамихIго щвечIого, щайгурелъул гIадамазул ругьнал рекIеда хехго сахлъулел гьечIо, гьелъ гIайибиявги гьоркьоб заман халалъун бокьухъе хутIулев вуго. Амма гьединав мунагьчиясе тамихI цIакъ захIматаб букIуна.

**Тухумалда тIад нагIана**

КIудияб кIвар буго тухумалда диниял гIадамал рукIиналъул. ГIемерал гIазабаздаса цIунизе бажарула гьезухъа гIумроялда ва хун хадубги. Аби бугелъулха гIалимзаби Аллагьасда аскIор рукIунилан. Амма зулмучагIазул наслуялъе гIемерго захIматго букIуна тухум-кьибилалда бугеб нагIана бахъизе. Лъималазде тамихI щвезе бегьула цересел умумазул мунагьаз. Гьеб бичIчIизе ккола. Тухум-кьибилалда бугеб «чороклъиялъул» дангьва бацIцIад гьабизе цIакъ захIматто букIуна.

**Бищунго кинаб мунагь квешаб бугеб?**

Бищунго бегьулареб жо буго (святотайство) Аллагь, дин хIакъир гьаби, гьесде хьандей.

Аллагьас нилъее заман кьола гьалатIал



ритIизаризе, ритIун хьвади тIаса бищизе. Бищунго бегьуларо ритIухълъи хIатIикь мерхьине. РитIухълъиялда Лъос киназего гIадлу гьабулебани ракьалда тIад гIадамалго хутIиларoан. Гьелъ бичIчIизе ккола нилъ кантIизегIан риччан тун рукIин.

**«Диниял гIадамазул рихьизарияздаса»**


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 2. 8. 18 г. 16. 50
фактически -17. 55 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.